

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) kasang tukang, (2) rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat panalungtikan, sarta (5) raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa miboga peran nu kawilang pohara dina hirup kumbuh masarakat sabab basa mangrupa salah sahiji alat pikeun komunikasi anu biasa digunakeun ku manusa dina kahirupan sapopoé biasana keur nepikeun gagasan, konsép, atawa perasaan. Sudaryat (2020, kc. 1) nétélakeun yén basa mangrupa sistem lambang sora nu manasuka nu dipaké ku masarakat nalika komunikasi.

Basa diwangun ku gramatik anu ngandung harti, harti léksikal jeung harti gramatikal. Hiji basa disusun ku gramatik saperti Morfém, kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana. Chaer (2008, kc. 64), nétélakeun yén sacara tradisional kecap diklasifikasikeun dumasar kana kritéria semantik nyaéta kelas *verba*, *nomina* jeung *adjektiva*. Unggal kelas kecap miboga fungsina séwang-séwang. Tapi, sacara husus kelas kecap *verba* (pagawéan) miboga fungsi pikeun nuduhkeun pagawéan atawa aksi dina hiji kalimah. Dina hiji kalimah kelas kecap *verba* (pagawéan) miboga peran anu penting, nyaéta salaku caritaan anu nuduhkeun pagawéan atawa aksi.

Kecap pagawéan nurutkeun Keraf (2004) nya éta kecap-kecap anu nuduhkeun pagawéan, tindakan, prosés, gerak, kaayaan, jeung kajadian hiji hal. Sedengkeun nurutkeun (Lanny, 2015) kecap pagawéan nya éta kecap anu nuduhkeun pagawéan, bisa dikedalkeun ku paréntah sarta valénsi kalawan aspék lumangsungna kajadian nu dituduhkeun ku kecap “keur”. Sakabéh kecap anu bisa dipaké minangka paréntah, boh bisa atawa teu bisa digabung jeung rarangkén atawa *afiks* disebutna kecap pagawéan (Tarigan, 2021, kc. 61). Dina kecap pagawéan ngawengku wanda, wangun, sarta harti. Ditilik tina wandana, kecap pagawéan dibagi jadi dua rupa nyaéta dinamis jeung statif. Sedengkeun ditilik tina wangunna, dibagi jadi opat rupa nyaéta kecap pagawéan salancar, rundayan, rajékan jeung kantétan.

Ditalungtikna ieu kecap pagawéan lantaran kecap pagawéan miboga peran anu penting dina tata basa, sabab kecap pagawéan mangrupa unsur inti tina kalimah. Saluyu jeung pamadegan Susandhika (2016), yén kecap pagawéan mangrupa unsur anu penting dina hiji kalimah sabab nangtukeun aya henteuna fungsi-fungsi séjén jeung tipe atawa jenis katégori anu ngeusi fungsi-fungsi séjén éta. Sanajan kitu, makéna kecap pagawéan boh dina karya sastra atawa dina média massa henteu selalu bener, kadangkala pamakéan kecap pagawéan téh teu luyu jeung kaidah kabasaan. Ku kituna, ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran jeung nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kecap pagawéan.

Anapon objék nu ditalungtikna nyaéta rubrik “katumbiri” Majalah *Manglé*. Majalah *Manglé* téh mangrupa majalah berbasa Sunda nu terbit ti taun 1957. Dimana Majalah *Manglé* téh mangrupa salasahiji majalah berbasa Sunda nu masih aktif nepi ka ayeuna. Majalah *Manglé* henteu ngan saukur jadi média nu méré informasi waé tapi ogé salaku alat pikeun ngamajukeun sarta ngamumulé basa, sastra, jeung budaya Sunda (Rachmaningsih & Sundari, 20220).

Panalungtikan ngeunaan kecap pagawéan saméméhna geus aya nu ngalaksanakeun nyaéta ku Monika Permanasari (2007) nu judulna “Kecap Pagawéan Pasif dina novél Kolébat Kuwung-kuwungan Kinasih Katumbirian Karya Tatang Sumarsono (Tilikan Struktural jeung Semantis)”. Dina skripsi saméméhna medar kecap pagawéan pasif sarta sumber datana nyaéta karya fiksi nu mangrupa novél. Aya sababaraha nu ngabédakeun panalungtikan ieu jeung panalungtikan saméméhna nyaéta tina sumber data jeung pedaranna. Panalungtikan saméméhna nalungtik kecap pagawean pasif dina sumber data nu mangrupa novél. Sedengkeun panalungtikan ieu nalungtik sakabéh kecap pagawéanna dina sumber data Majalah *Manglé*.

Panalungtikan kadua nyaéta “Ma’na Inhéren Kecap Pagawéan dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII-A SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2010/2011 Katut Bahan Pangajaranana” ku Amy Nurhamidah (2011). Skripsi saméméhna medar ma’na inhéren tina kecap pagawéan sarta maké sumber data nu mangrupa karangan pangalaman siswa. Nu ngabédakeun panalungtikan ieu jeung saméméhna nyaéta hasil panalungtikanna digunakeun pikeun bahan pangajaran di SMP.

Panalungtikan saméméhna nalungtik harti inhéren. Sedengkeun panalungtikan ieu nalungtik sakabéh kecap pagawéanna.

Panalungtikan katilu nyaéta ditalungtik ku Sarah Siddiqa Begum (2013) nu judulna “Kecap Pagawéan Intransitif dina novél Mércédés 1990 Karangan Muh. Rustandi Kartakusuma pikeun Bahan Pangajaran di SMA (Tilikan Struktur jeung Semantis)”. Nu ngabédakeun panalungtikan séméméhna jeung panalungtikan ieu nyaéta nu dipedarna kecap pagawéan intransitif, sedengkeun panalungtikan ieu medar sakabéh kecap pagawéan. salian éta ogé, bédana dina sumber data. Mun panalungtikan saméméhna maké sumber data nu mangrupa novél, ari panlungtikan ieu maké sumber data Majalah *Manglé*.

Salian éta, aya ogé panalungtikan ku Regina Destri Sulistiantika (2014) nu judulna “Kecap Pagawéan dina Fiksimini Sunda” sarta panalungtikan judulna “Kecap Pagawéan dina novél Prasasti nu Ngancik na Ati Karya Popon Saadah pikeun Bahan Pangajaran di SMP (Tilikan Struktur jeung Semantis)” ku Anih Ginda Listiani (2015). Tina dua panalungtikan saméméhna di luhur nu dipedarna sarua jeung panalungtikan ieu nyaéta nalungtik sakabéh kecap pagawéan. Tapi aya hal nu jadi pangbédana nyaéta sumber data jeung tujuanna pikeun bahan pangajaran.

Sanajan ulikan ngeunaan kecap pagawéan geus loba nu nalungtik. Tangtuna, panalungtikan nu judulna ‘Kecap Pagawéan dina Rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* miboga ulikan nu béda ti ulikan nu séjén.

1.2 Rumusan Masalah

Nurutkeun kasang tukang nu geus dijelaskeun saméméhna, dijieun rumusan masalah saperti di handap.

- 1) Kecap pagawéan naon waé anu kapanggih dina Rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*?
- 2) Wanda kecap pagawéan naon waé nu kapanggih dina Rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*?
- 3) Wangun kecap pagawéan naon waé nu kapanggih dina Rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*?
- 4) Kumaha harti kecap pagawéan dina Rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Aya dua tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta hayang ngadéskripsikeun jeung nganalisis kecap pagawéan dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé* sarta ngaguar leuwih jero dina makéna kecap pagawéan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan hayang ngadéskripsikeun:

- 1) kecap pagawéan anu aya dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*;
- 2) wanda kecap pagawéan anu aya dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*;
- 3) wangun kecap pagawéan anu aya dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*; jeung
- 4) harti kecap pagawéan dina rubrik “Katumbiri” Majalah *Manglé*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya dua mangpaat nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ayana ieu panalungtikan sangkan bisa méré mangpaat jeung informasi anu anyar ngeunaan kecap pagawéan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian éta, ieu panalungtikan boga manfaat praktis pikeun:

- a. Pikeun Panalungtik

Dipiharep ayana ieu panalungtikan bisa dipaké ku panalungtik pikeun jadi référénsi dina panalungtikan sarta panalungtik bisa ngamekarkeun élmu pangaweruh dina widang basa, utamana ngeunaan kecap pagawéan.

b. Pikeun nu Maca

Dipiharep ieu panalungtikan jadi bisa nambahan élmu pangaweruh nu maca hususna dina kabasaan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga ieu skripsi eusina ngawengku lima bab nyaéta BAB I Bubuka, anu eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori Kecap Pagawéan, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, anu eusina medar ngeunaan ulikan tiori kecap pagawéan, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

BAB III Méthode Panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téhnik ngolah data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran kecap pagawéan, wangun kecap pagawéan, wanda kecap pagawéan, sarta harti kecap pagawéan.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi eusina kacindekan ngeunaan kecap pagawéan, wangun kecap pagawéan, wanda kecap pagawéan, harti kecap pagawéan, sarta implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.